

# Lembar Kerja Peserta Didik

**KELAS/SEMESTER: XI/GASAL  
FASE/ELEMEN: F/MEMBACA  
TOPIK: PRANATACARA**



**PENYUSUN: NA'IL YUMNA FIRDAUS, S.S.**

# *Lembar Kerja Peserta Didik*

## **TUJUAN PEMBELAJARAN**

*Elemen : Membaca*

*Setelah mengikuti pembelajaran dengan menekankan sikap bernalar kritis, gotong royong, dan percaya diri melalui model pembelajaran Problem Based Learning dan metode Think Pair Share dengan menerapkan TPACK melalui media Flip Book, Educaplay, dan Live Worksheet peserta didik dapat:*

*Peserta didik dapat mengartikan tembung-tembung angel dalam teks pranatacara dengan tepat. (C4)*

## **PITEDAH PASINAON**

- *Damel kelompok kanthi pasang-pasangan utawi saben kelompok cacahipun 2 siswa.*
- *Para siswa nggatosaken andharan saking guru bab tembung angel ing teks pranatacara.*
- *Para siswa kedah maos sedaya andharan wonten LKPD punika kanthi premati.*
- *Para siswa mangsuli pitakenan wonten ing LKPD kanthi patitis.*
- *Para siswa pirembagan kaliyan kanca sakelompok.*
- *Menawi wonten pitakenan, saged nyuwun pirsu dhumateng guru.*
- *Sampun kesupen nyerat nama jangkep, nomer presensi, kelas, kaliyan tanggalipun.*
- *Menawi sampun cekap, LKPD punika saged dipunaturaken dhateng guru utawi di-submit.*

## *Fase 1. Orientasi Masalah*

### **PEMANTIK**

Saking teks minggu kepengker,  
kajawi ingkang dados soal, tembung  
punapa ingkang dereng  
dipunmangertosi?

### **PRE TEST**

Kangge mangertosi kados pundi  
kemampuan siswa saderengipun  
pasinaon, mangga saged nggarap  
kuis ing ngandhap.

[https://quizizz.com/join?  
gc=86921953](https://quizizz.com/join?gc=86921953)

## *Fase 2. Organisasi Peserta Didik*

### **CARA MADOSI TEGES TEMBUNG**

- Bikak laman sastra.org
- Sumberipun pilih Poerwadarminta 1939 (Bausastra Djawa)
- Tembung ingkang badhe dipadosi tegesipun kaserat wonten kothakan "cari" lajeng klik enter utawi gambar lup.
- Klik/centhang kothakan "kata utuh"

Tuladha saking soal minggu kepengker:

Tembung “wredha” menawi dipunpadosi wonten kamus asilipun kados mekaten.

## Leksikon

wredha      kata utuh salah satu kata  Poerwadarminta 1939

Halaman 10    Entri

1 dari 1 1-4 dari 4

---

**wrêdha** (wɾɛ̃dɔ): prik. wrêda.

Bausastra Jawa, Poerwadarminta, 1939, #75.

---

**wardah** (wardah): kw. tuwa; kc. wrêdha.

Bausastra Jawa, Poerwadarminta, 1939, #75.

---

**wêdra** (wɛ̃dɾa): (h) 1 kw. tuwa; 2 êngg. kn. uwa; kc. wrêdha.

Bausastra Jawa, Poerwadarminta, 1939, #75.

---

**wêrda** (wɛ̃rdɔ): kw. tuwa; kc. wrêdha.

Bausastra Jawa, Poerwadarminta, 1939, #75.

Supados gampil, ingkang dipungatosaken asil ingkang paling nginggil.  
Katrangan prik. tegesipun priksa. Mula panjenengan kedah mriksani tembung “wreda”

Asilipun tembung “wreda”.

## Leksikon

wreda  kata utuh salah satu kata  Poerwadarminta 1939

Halaman 10 < > Entri < >  
1 dari 1 1-2 dari 2

- wrêda** (wrɛdɔ): (S) kw. tuwa.  
Bausastra Jawa, Poerwadarminta, 1939, #75.
- wrêdha** (wrɛDɔ): prik. **wrêda**.  
Bausastra Jawa, Poerwadarminta, 1939, #75.

Tembung “wreda” katranganipun (S) nitiki bilih golongan tembung miturut asalipun saking tembung Sangsekerta. Wonten katrangan sanesipun kw., ugi dados titikan bilih punika tembung kawi. Lajeng suraosipun saking tembung “wreda” punika tuwa.

Ananging tembung “tuwa” punika, kinten-kinten tembung ngoko punapa krama? Menawi panjenengan boten mangertos ugi saged dipunpadosi tembung “tuwa”.

Asilipun madosi tembung “tuwa”.

## Leksikon

tuwa     kata utuh salah satu kata

Halaman 10    Entri

1 dari 17 1–10 dari 168

**tuwa** (tuwa): n. sêpuh k. 1 wis kliwat umur; 2 wis matêng, wis mangsane ngundhuh tmr. wowohan lsp; 3 wis umob tmr. wedang; 4 sêmu irêng, kêladuk tmr. warna, up. abang [x]; 5 kurang mayat tmr. payon; 6 (ngèlmu [x]) kawruh kasampurnan; [x]-[x] êngg. kang dianggêp wong **tuwa**; têtawa, kang dianggêp **tuwa** (juru awèh ... [selengkapnya](#))  
Bausastra Jawa, Poerwadarminta, 1939, #75.

Katranganipun tembung “tuwa” punika n. ingkang nitiki bilih punika kalebet golongan unggah-ungguh ngoko. Lajeng kramanipun punapa? Ugi saged dipirsani wonten kamus punika asilipun sampun wonten tembung “sepuh” ingkang katranganipun k. utawi krama.

**SAKING SOAL MINGGU KEPENGER PUNAPA WONTEN TEMBUNG INKGANG ANGEL ANGENIPUN MADOSI TEGES?**

## *Fase 3. Penyelidikan Individu/Kelompok*

**NAMA** :

**NO. PRESENSI** :

**KELAS** :

**TANGGAL** :

Waosen teks pranatacara pawiwahan ing ngandhap kanthi premati!

Kula nuwun. Assalamu'alaikum wr. wb.

Bapak Supriyanto saking Kantor Urusan Agama Kecamatan Depok. Bapak Haji Suharso ingkang hamengku gati, para sesepuh mwan pinisepuh ingkang tansah sinuyudan. Para rawuh kakung sumawana putri ingkang minulya. Risang calon temanten saha calon besan ingkang satuhu bagya mulya.

Saderengipun sumangga kula dherekaken mangastungkara, konjuk dhumateng ngarsaning Allah ingkang Maha Ageng, awit saking keparengipun kita saged nyawiji wonten ing pahargyan punika. Wilujeng nir ing sambekala.

Kula ngaturaken pambagyaharja sugeng rawuh saha agunging panuwun ingkang tanpa pepindhan, ingkang sampun kersa rawuh ing dalemipun Bapak Haji Suharso saperlu mangestoni saha anyekseni lampahipun upacara pawiwahan antawisipun Adhimas Bagus Badarudin putra Bapak Tono dalah Ibu Kanaia kaliyan Dyah Rara Freyanashifa putri Bapak Haji Suharso dalah Ibu Andarini.

Salajengipun, keparenga kula ngadeg wonten ngarsa panjenengan sami, saperlu minangkani pamundhutipun Bapak Haji Suharso supados ndherekaken lampahing upacara pawiwahan ing enjang punika.

Nuninggih, lampahing titilaksana upacara pawiwahan karacik kados mekaten:

Pambuka

Wacana gati

Pambagyaharja

Pasrah calon temanten kakung

Atur panampi

Lampahing upacara ijab kabul

Donga lan panutup

Kangge cekaking atur, sumangga upacara punika kabikak mawi dedonga sesarengan. Mangga adicara punika, kita purwani mawi dedonga dhumateng ngarsanipun Gusti ingkang Murbeng Dumadi. Mugi adicara pawiwahan punika kalis ing sambekala. Dene ingkang ngrasuk agama Islam kula dherekaken mawi waosan basmallah sesarengan. Dedonga kawiwitan. Bismillahir rahmanir rahim. Dedonga cekap.

Titi tamat gatining panganggit tumapaking gati adicara pawiwahan Dyah Ayu Freyanashifa kaliyan Bagus Badarudin. Mugi saged ndhapuk kulawarga ingkang bagya mulya, hayem tentrem, runtang-runtung rerentengan kadya mimi hamintuna.

Kula ngaturaken gunging panuwun dhumateng kulawarga ingkang sampun midatos dhumateng kula kinen ndherekaken tumapaking gati. Kalamun wonten kalepatan, kirang pana ing pandhapuking basa, kirang wikan ing pangandikan, kirang runtut pangrakiting ukara, muga para rawuh kersa ngluberaken tirtaning kawicaksanan. Nuwun. Wassalamu'alaikum wr. wb.



## *Fase 4. Mengembangkan & Menyajikan Hasil Karya*

### **PITEDAH GLADHEN**

Padosana teges saking tembung-tembung ing ngandhap saha kaseratna ing kolom teka-teki silang punika! Sedaya wangsulan migunakaken basa krama. (Wekdal 10 menit)

Lajeng karembagna saha cocogna wangsulanipun panjenengan kaliyan pasangan utawi kanca sakelompok! (Wekdal 15 menit)

Lajeng salah satunggaling siswa mangga saged maosaken asiling diskusi kelompok ing ngajeng kelas.

# Tembung Angel


## PRANATACARA

### *Mangisor*

1. KALIS
2. SAMBEKALA
3. RUNTANG-RUNTUNG
4. NIR
5. BAGYA (LINGGA: BAGE)

### *Manengen*

6. MANGASTUNGKARA (LINGGA: ASTUNGKARA)
7. PURWA
8. WIKAN
9. PANA
10. SINUYUDAN (LINGGA: SUYUD)



# *Fase 5. Analisis & Evaluasi Proses Pemecahan Masalah*

## **POST TEST & REFLEKSI**

Ing pamulangan dinten punika, para siswa sampun nyinaoni babagan caranipun madosi teges saking tembung angel ing teks pranatacara utaminipun pawiwahan.

Kangge ngukur kados pundi anggenipun para siswa nyinaoni materi punika, mangga dipungarap post-test ing ngandhap punika.

<https://quizizz.com/join?gc=90860787>

## **KAPUSTAKAN**

MGMP Bahasa Jawa SMA/SMK/MA D.I.Yogyakarta. 2020 (Revisi). WIBAWA: Wiyata Basa Jawa untuk Kelas XI. Yogyakarta: Dinas Pendidikan, Pemuda, dan Olahraga D.I. Yogyakarta.

Hariwijaya, M. 2017. Pamedhar Sabda & Sesorah Basa Jawi Gagrak Anyar. Yogyakarta: Elmatara Publisng.

Prasaja, Setya Amrih. 2015. Pranata Adicara lan Sesorah. Yogyakarta: Familia.

Poerwadarminta, W.J.S. 1939. Baoesastra Djawa. Groningen-Batavia: J.B. Wolters.